



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL KÒMANSE YON PWOJÈ 34.7 MILYON DOLA POU  
AMELYORE ENSTALASYON AGRIKÒL YO NAN FWA ETA NEW YORK YO**

*Pwojè a gen ladan yon nouvo sè trè modèn pou ankouraje agrikilti New York*

*Nouvo [granj, tribin konsesyon](#) yo pral konstwi pou kontinye amelyorasyon yo nan  
pi gwo festival nan eta a*

*Inogirasyon travay yo ap kòmanse Gran Fwa Eta New York 2022 a, sa ki make  
retou konplè fwa a*

*Mete aksan sou patenarya pou estimile devlopman agrikòl ak ekonomik nan fwa  
Konte yo atravè Eta a*

*Konsèy Nasyonal 4-H onore Gouvènè Hochul avèk meday distenge ansyen  
etidyan 4-H*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman katriyèm faz amelyorasyon nan Fwa Eta New York yo, yon pwojè 34.7 milyon dola pou amelyore enstalasyon agrikòl nan Fwa nan Syracuse yo. Gouvènè Hochul koupe riban an nan yon seremoni ki selebre ouvèti ak retou konplè Gran Fwa Eta New York 2022 a. Pwojè a, ki deja sou pye epi ki pral fini an 2025, gen yon sè 0.61 ekta (1.5 ak) ki mete li an valè, ki pral lokalize toupre Sant Ekspozisyon an. Pwojè a gen ladan tou yon nouvo espas ekspozisyon pou kabrit, yon nouvo etab mouton ak sant lèn, yon nouvo etab cheval, yon nouvo tribin konsesyon, amelyorasyon nan peyizaj pou Ranje Restoran (Restaurant Row), lari fwa bilding konsesyon pèmanan yo ak divès kalite amelyorasyon nan enfrastrikti.

"Mwen pa ta ka pi kontan pou m selebre retou konplè Fwa Eta New York nou an ane sa a, epi jodi a, mwen kontan anpil pou m founi prèske 35 milyon dola nan amelyorasyon ki pral ede rann Gran Fwa Eta New York la vin pi gran", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon yo n ap fè jodi a pral montre epi ankouraje endistri agrikòl inik New York la, pandan n ap kontinye atire plizyè santèn milye vizitè ki soti toupatou nan peyi a nan Fwa a chak ane".

Deklarasyon Gouvènè Hochul la te fèt pandan Jounen Gouvènè a, jou tradisyonèl ouvèti Fwa a. Li te resevwa tou meday Ansyen Etidyan Distenge 4-H, yon onè yo bay yon ansyen etidyan akonpli ki reprezante enpak 4-H ki chanje lavi. Gouvènè Hochul, ki te patisipe nan pwogram 4-H Cornell Cooperative Extension pandan tout tan anfans li, se premye gouvènè ki te resevwa prim sa a.

Pwojè 34.7 milyon dola pou amelyore enstalasyon agrikòl yo nan Fwa Eta New York yo gen ladan:

### **Sant Edikasyon sou Sè ak Òtikilti**

Sè 0.61 rive nan 0.81 ekta a, lè li fini, pral yon enstalasyon estrikti vè modèn, ki mache avèk pano solè epi k ap gen yon sistèm filtraj pou pran dlo lapli. Li pral pèmèt pwodui lokal New York yo grandi sou plas epi bay manje ak flè pou itilize pandan Fwa a. Sè a pral double kòm yon sant edikasyon, prezante yon zòn salklas pou etidyan yo ak opòtinite pou jèn yo patisipe nan demonstrasyon agrikòl.

### **Etab Mouton ak Sant Lèn**

Etab mouton 15,000 pye kare a ranplase yon ansyen estrikti ki andomaje ke yo te demoli. Mouton yo te ekspozè nan yon tant nan de dènye ane yo. Sant Lèn nan genyen volontè k ap edike piblik la sou pwodui lèn yo ak itilizasyon yo. Yon nouvo sant pral chita andedan etab mouton an, sa k ap pote de eleman yo anba yon sèl twati pou premye fwa. Nouvo bilding sa a pwograme pou ouvri alè pou Fwa 2024 la.

### **Ekiri Cheval**

Y ap konstwi twa ekiri 9,000 pye kare pou konplete ansyen ekiri ki egziste deja yo. Fwa yo òganize espektak cheval prèske chak semèn nan prentan, ete ak otòn, avèk ekiri li yo ki itilize yon fason ki prèske konstan. Yo espere ouvri pou Fwa 2024 la.

### **Paviyon Kabrit**

Paviyon kabrit 2,500 pye kare a pral kounye a alimante avèk enèji solè epi sèvi kòm yon espas ouvè pou montre kabrit, k ap ranplase enstalasyon tanporè yo. Ouvèti li prevwa pou ane 2023.

### **Amelyorasyon Peyizaj Lari Bilding Konsesyon ak Ranje Restoran**

Y ap konstwi yon tribin konsesyon 1,600 pye kare sou Cayuga Avenue nan Fwa yo, premye nouvo tribin konsa ki te bati nan plizyè deseni. Se pral kay Tully's Good Times, yon restoran rejonan veteran ak ansyen machann popilè. Yo prevwa tou amelyorasyon yo pou zòn lòt tribin pèmanan Fwa yo, Ranje Restoran. Pral genyen nouvo ekleraj ak amenajman, ansanm ak amelyorasyon pou chwazi espas machann yo.

Amelyorasyon sa yo bati sou plis pase 125 milyon dola nan renovasyon ak nouvo konstriksyon depi 2015, sa ki te make premye investisman enpòtan nan fwa yo ki gen 132 ane depi plis pase 80 ane. Yon tribin ki ansyen ak yon pis kous ki pa ase itilize te raze pou fè plas pou amelyorasyon, ki gen ladan yon pak pou Veyikil Lwazi (RV) ki gen sèvis konplè ki sipòte anpil evènman pandan tout ane a epi ki ede atire evènman klas nasyonal yo, yon wout entèmedyè ki bati sou yon fondasyon solid ki diminye bezwen

pou fil elektrik anlè tè ki poze danje pou kilbite, nouvo espas deyò pou pwogramasyon ak pakin ak Sant Ekspozisyon 110,000 pye kare, pi gwo espas lib nan nò Vil New York ant Boston ak Cleveland.

Lòt amelyorasyon yo gen ladan konstriksyon yon nouvo antre prensipal, pavaj pi gwo pakin Fwa a ak konstriksyon yon nouvo ranp aksè nan otowout ant eta adjasan yo. Gen kèk nan espas divètisman Fwa a ki te amelyore, pandan lari yo te redrese epi genyen ekleraj ak amelyorasyon panoramik.

Anplis anons nouvo pwojè amelyorasyon yo, Gouvènè a te mete aksan tou sou pwogrè yo te fè nan plan [septanm 2021](#) li an pou fasilite pi gwo kowòdinasyon pami fwa konte yo an 2022. Gouvènè a te mande Depatman Agrikilti ak Mache yo pou evalye opòtinite sipò, kwasans ak revitalizasyon pou tout fwa nan New York yo pandan Eta a ap antre nan sezon fwa 2022 a. Anons sa a te genn ladan tou yon responsabite pou travay avèk fwa konte yo pou evalye fason pou ogmante maketin ak pwomosyon yo, ansanm ak opòtinite pou amelyore inisyativ pwogram jèn ak agrikòl nan tout fwa yo toupatou nan eta a, ki gen ladan Fwa Eta a. Depatman an ap travay aktivman avèk fwa konte yo ane sa a, enkli avèk Asosyasyon Fwa Agrikòl Eta New York la, pou devlope yon pwogram maketing solid ak sansibilizasyon, pwomosyon kwaze fwa yo atravè divès kominikasyon, ki gen ladan rezo sosyal, epi li pral òganize yon tab wonn andeyò sezon an pou idantifye lòt opòtinite pou grandi ak pwomouvwa konpetisyon agrikòl nan fwa konte yo ak Fwa Eta New York.

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Genyen yon lis long plizyè bagay ki fè Gran Fwa Eta New York la se pi bon Fwa nan nasyon an—divètisman enteresan ak woulib, bon manje ak vizitè ki fidèl yo, men se konsantre kontinyèl Fwa a sou agrikilti ki mete l'apa. Gouvènè Hochul te angaje depi lontan pou sipòte kominote agrikòl nou an isit la nan Eta New York, epi mwen pa ka panse a yon pi bon fason pou pataje istwa nou avèk vizitè yo nan fwa ke nan fikse pwojè sou agrikilti nan Fwa Eta New York la ak nouvo pwojè enteresan sa yo. Avèk yon nouvo Etab Mouton ak Sant Lèn, Paviyon Kabrit, ekeri chwal ak yon nouvo sè modèn nan orizon an, n'ap envesti nan avni endistri a epi n'ap envite vizitè nou yo pou yo dekouvri dirèkteman agrikilti Eta New York la".

**Direktè Pwovizwa Fwa Eta New York la, Sean Hennessey, te deklare,** "Se yon moman eksitan pou Gran Fwa Eta New York la! Depi 1841, yo te rekonèt Fwa a montre pi bon nan agrikilti ak elvaj New York. Kounye a, gras ak investisman Gouvènè a ak angajman Komisè a, nou pral kapab pote nouvo atansyon sou endistri agrikòl la lè nou pote Etab Mouton ak Sant Lèn, Ekiri Cheval ak Paviyon Kabrit nou an nan lavni, epi amelyore opòtinite edikatif yo atravè etablisman yon nouvo sant sè ak edikasyon. Nou pa ka tann pou vizitè yo wè nouvo adisyon sa yo, apati ane k'ap vini an".

**Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare,** "Fwa Eta a se pi gwo ekspozisyon New York ak youn nan selebrasyon ki pi enpòtan yo. Amelyorasyon plizyè faz k'ap kontinye nan teren yo ak enstalasyon yo pral amelyore eksperyans vizitè yo epi se yon investisman nan agrikilti, ekonomi ak eritaj nou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul

pou sipò li nan Fwa a epi mwen te apresye pataje sit yo ak son premye jou yo avèk li ak ekip li a".

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Gran Fwa Eta New York la se youn nan tradisyon anyèl mwen pi renmen isit la nan Sant New York, epi mwen kontan anpil pou m wè plis amelyorasyon ki fèt nan Fwa yo. Pwogram agrikòl la se yon pati entegral eksperyans vizitè yo ak istwa fwa a, epi amelyorasyon granj ak sè yo pral elaji trezò eta a. Mèsi Gouvènè Hochul pou gwo travay li epi paske li te rejwenn nou pou anons sa a".

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Gran Fwa Eta New York la nan maksimòm li lè agrikilti devan ak sant, epi yon fwa li fini, amelyorasyon enfrastrikti eksitan sa yo pral asire ke vizitè yo ka fè eksperyans sa ki pi bon nan agrikilti New York. Fwa a se yon gwo motè ekonomik pou ti biznis agrikòl nou yo ak kominote riral yo ki sipòte yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay ak Lejislati a pou ogmante travay yo atravè amelyorasyon kapital sa yo".

**Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare,** "Gran Fwa Eta New York la se yon tradisyon ete nan Sant New York. Investisman nan etablisman agrikòl yo se yon fason pou kenbe enpòtans rasin evènman sa a pandan l ap fè l vin modèn ak atiran pou vizitè modèn yo".

**Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare,** "Fwa Eta New York la kontinye rete yon pwèn enpòtan nan sezon ete a pou moun ki nan Sant New York yo ak moun ki vwayaje soti nan chak rejyon nan eta nou an. Pou anpil moun, Fwa a se yon premye entwodiksyon nan vas seleksyon New York nan pwodui ak sèvis agrikòl yo. Investisman enpòtan sa a pral montre plis nan sa agrikilti New York gen pou ofri epi li pral anrichi eksperyans patisipan yo pou ane k ap vini yo".

**Manm Asanble Albert A. Stirpe Jr. te deklare,** "Yon tradisyon chak ane nou renmen, Fwa Eta New York la se yon bèl atraksyon touris ki atire vizitè ki soti toupatou nan gran eta nou an ak ki soti pi lwen. Pwojè amelyorasyon enfrastrikti ki ap fèt kounye a pral san dout ede montre sektè agrikòl rejyon nou an epi ranfòse biznis lokal yo. Fanmi mwen ak mwen menm te vizite teritwa eta a prèske chak ane pou nou jwi tout sa Sant New York gen pou ofri epi ane sa a pa diferan. Mwen pa ka tann pou m wè ou la!"

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen kontan dèske Gouvènè a, ansanm ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a, te sipòte amelyorasyon sa yo ki te nesesè depi lontan nan Fwa Eta a. Sa pral pèmèt nou montre tout sa agrikilti Eta New York gen pou ofri, pandan l ap bay bèt yo yon anviwònman pi bon ak pi an sekirite tou. Nouyòkè yo ka fyè anpil de istwa agrikòl long nou an, ekonomi alimantè dinamik nou an, ak rechèch klas mondyal k ap fèt nan Cornell University".

**Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, McMahon, te deklare,** "Konte Onondaga fyè pou li resevwa Gran Fwa Eta New York la epi avèk dènye investisman sa yo, Fwa a pral sèlman amelyore. Lòt bagay enpòtan tou, dènye amelyorasyon sa yo pral mete aksan sou ekonomi agrikilti enpòtan ak divèsifye nan Eta New York. Mwen remèsye Eta New York pou angajman kontinyèl yo pou fè Fwa Eta New York yo vin pi bon chak ane".

**Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare,** "Sipò ak selebrasyon agrikilti nan kè Fwa Eta New York la. Pwogram ak atraksyon agrikòl Fwa a atire fanmi ak biznis ki soti nan tout kwen nan eta a pou aprann epi demontre pi bon nan endistri a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout ekip Fwa Eta New York la paske yo kontinye investi ak amelyore enstalasyon agrikilti Fwa yo."

Fwa ane sa a make yon retou konplè pou premye ak pi ansyen fwa eta nan peyi a. Pandan gwo pandemi an nan ane 2020, Fwa a te anile pou premye fwa depi lè yo te fèmen l epi li te reyitilize kòm yon baz fòmasyon militè pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Fwa a te ouvri ankò nan ane 2021 avèk limit akòz pandemi kontinyèl la, men ane sa a, tout bilding yo pral ouvri epi kantite nòmal a peprè 10,000 bèt yo pral ekspoze ak nan konpetisyon.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418